



# MANYÈL POU SIPÒ TIMOUN

Pou Paran K ap Viv Ak Timoun Nan

# YON GID POU MANYÈL SA A

## ENTWODIKSYON 1

### PWOGRAM SIPÒ TIMOUN NAN 4

Pwogram sipò timoun nan mete timoun yo an premye epi li rekonèt toulede paran yo gen yon wòl enpòtan pou jwe nan sipòte pitit yo. Lè timoun yo resevwa sipò finansye ak bonjan levasyon nan men toulede paran yo, yo vin pi byen. Pwogram lan efikas epi li reyisi detèmine paran yo, kolekte revni sipò timoun, epi ede paran ki pa responsab legal yo jwenn travay la.

Seksyon sa a ki nan manyèl la eksplike:

- Kijan pou Enskri nan Sipò Timoun
- Lokalize Paran Ki Pa Responsab Legal la
- Etabli Lyen Parantal
- Remèt yon Konvokasyon
- Ale nan Tribinal
- Lòd Sipò Timoun ak Sipò Medikal
- Resevwa Peman Sipò Timoun yo
- Fè Respekte Lòd Sipò Timoun nan
- Chanje Montan Lòd Sipò Timoun nan
- Anilasyon Lòd Sipò Timoun lan

### DIVÒS AK SIPÒ TIMOUN 15

Pwosis sipò timoun lan diferan pou paran ki sou wout pou divòse oswa ki divòse.

### GAD AK VIZIT 17

Yo pa diskite sou gad ak vizit nan yon odyans pou sipò timoun. Gad ak vizit se yon pwosis separe nan tribinal. Epitou, paran yo kapab diskite sou gad ak vizit gras ak yon sèvis medyasyon.

### VYOLANS NAN KAY AK SIPÒ TIMOUN 18

Aspè nan pwogram sipò pou timoun nan ki ka deklanche vyolans nan kay. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan epi si li se pi bon desizyon pou ou, ale nan <https://on.nyc.gov/child-support-safely>. Si w gen enkyetid konsènan sekirite w oswa sekirite pitit ou a, fè ajan sipò timoun ou an oswa Espesyalis Opòtinite Travay ou a (Job Opportunity Specialist, JOS) konn sa. Yo gendwa retire w nan sipò timoun si w ap resevwa yon asistans piblik. Pwogram sipò timoun nan ak tribinal la kapab mete pwoteksyon kont vyolans nan kay an plas pou asire enfòmasyon prive konsènan dosye sipò timoun ou an ak sekirite w nan tribinal la.

## ENFÒMASYON POU KLIYAN ASISTANS LAJAN KACH AK ASISTANS MEDIKAL 20

Ou oblije kolabore ak Biwo Sèvis Sipò Timoun nan (Office of Child Support Services) pou ka jwenn tout avantaj asistans piblik pou fanmi ou.

Seksyon sa a ki nan manyèl la eksplike:

- Dokiman W ap Bezwen yo
- Kolabore ak Sipò Timoun
- Ale nan Tribinal
- Fanmi Dakèy
- Konbyen Sipò Timoun Ou Kapab Jwenn
- Jwenn Sipò Timoun Depi Ou Kite Asistans Piblik

## ENFÒMASYON KONTAK SIPÒ TIMOUN 24

## ECHANTIYON Lòd SIPÒ TIMOUN 26

## GLOSÈ TÈM SIPÒ TIMOUN 28



## ENTWODIKSYON

Biwo Sèvis Sipò Timoun nan (Office of Child Support Services, OCSS) travay ak fanmi Vil New York yo, kèlkeswa revni oswa sitiyasyon imigrasyon yo, pou asire timoun yo resevwa sipò finansye nan men toulede paran yo. OCSS ede paran k ap viv ak timoun nan (paran, fanmi, oswa responsab legal k ap viv avèk yon timoun minè epi ki se moun prensipal k ap okipe timoun lan) konprann pwogram sipò timoun lan epi ofri sèvis pandan tout pwosesis la. Pou ede paran ki pa responsab legal la (paran ki p ap viv avèk yon timoun minè epi ki pa moun prensipal k ap okipe timoun lan), OCSS ofri pwogram pou ede yo respekte obligasyon sipò timoun yo epi jere dosye sipò timoun yo.

Pwogram sipò timoun nan se pa menm bagay li ye ak Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi (Family Court). Malgre yo travay ansanm epi pataje menm objektif pou amelyore lavi timoun nan Vil New York yo atravè pwogram ofisyèl pou sipò timoun lan, gen de (2) òganizasyon diferan, ki gen fonksyon diferan.

OCSS fè pati Administrasyon Resous Imèn nan (Human Resources Administration, HRA), yon ajans ki anba Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services, DSS) Vil New York. Pou kòmanse pwosesis sipò timoun nan, paran yo ranpli yon aplikasyon enskripsyon pou sèvis oswa Asistans Lajan Kach la voye yo. OCSS ap lokalize paran ki pa responsab legal la, remèt li yon konvokasyon, epi etabli yon lyen parantal. Apre Tribinal Fanmi mete anplas lòd sipò timoun nan, OCSS kontwole, kolekte, ak distribye peman yo. Si peman yo anreta, OCSS gen otorite pou pase pa mwayen administratif pou fè respekte lòd sipò timoun lan.

**TRIBUNAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI** fè pati Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la (New York State Unified Court System). Wòl tribinal la nan pwosesis sipò timoun lan kòmanse lè yon paran, responsab legal, oswa Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la (DSS) depoze yon petisyon pou lyen parantal ak/oswa pou sipò timoun. Tribinal la responsab pou mete anplas nouvo lòd sipò timoun ak sipò medikal, epi modifiye sa ki deja egziste yo. Si peman yo anreta, yo ka depoze yon petisyon pou vyolasyon nan tribinal. Lè sa rive, OCSS gen otorite pou pase pa mwayen jidisyè pou fè respekte lòd sipò timoun lan.

## SIPÒ TIMOUN ENPÒTAN

Paran ki pa responsab legal la oblije peye sipò jiskaske timoun nan vin majè (pi souvan se lè yo rive nan laj 21 lane). Peman sipò timoun kapab ede ou satisfè bezwen chak jou pitit ou ak bay pitit ou yon avni finansye ki pi an sekirite. Pifò paran ki pa responsab legal yo vle angaje yo ak pitit yo yon fason ki plis pase annik bay sipò finansye a epi paran ki peye sipò pou timoun yo gen plis chans pou yo enterese nan vi pitit yo epi pase plis tan avèk yo. Pitit yo gen tandans fè pi bon rezilta sosyal; rete plis tan lekòl, fè pi bon nòt, epi gen mwens pwoblèm konpòtman.

Menmsi paran ki pa gen lagad la pa gen mwayen pou peye sipò timoun nan moman an, ou dwe ale nan odyans lan kanmenm pou jwenn yon lòd sipò timoun. epi si lyen parantal la pa etabli, konnen sa se yon premye etap enpòtan. Etablisman lyen parantal la nan bonjan enterè pitit ou a paske li bay pitit ou a dwa pou l resevwa avantaj Sekirite Sosyal, lanmò, ak avantaj militè ak aksè a enfòmasyon medikal.

Lòd sipò timoun nan pral baze sou revni aktyèl la, men li kapab chanje pi devan si sikonstans yo chanje. Si yon paran ki pa responsab legal la p ap travay, Jij Sipò a pral etabli yon lòd pou povrete (\$25 pa mwa oswa \$0 pa mwa epi limite aryere yo a \$500). OCSS gen pwogram travay pou ede moun ki pa gen mwayen pou peye sipò timoun yo paske yo p ap travay oswa yo gen djòb ki peye tikras kòb. Nan moman li mete lòd la anplas, Jij sipò a ka egzije pou yon paran ki pa responsab legal chèche travay oswa patisipe nan yon pwogram travay. Depi yo kòmanse peye paran ki pa responsab legal la regilyèman, OCSS kapab kolekte peman sipò timoun yo otomatikman nan salè li epi voye yo bay paran k ap viv ak timoun nan. Si lòd la se \$0, lè sa a, pa gen anyen yo ka kolekte toutotan lòd la pa modifiye.

An 2021, OCSS te aplike de (2) pwogram akò. Yo pèmèt paran yo fè yon ti pale andeyò tribinal la konsènan kantite lajan pou zafè lòd sipò timoun nan anvan yon odyans tribinal. Gen yon pwogram ki la pou etabli montan pou lòd la epi lòt pwogram nan la pou modifiye, oswa chanje, yon lòd ki egziste deja. Paran ki reponn ak kalifikasyon yo kapab antre nan yon akò, y ap fè yon ti pale avèk yon travayè sipò timoun. Toulede paran yo pa oblije nan telefòn oswa prezan an menm tan.

- Yo prepare yon akò avèk yon reprezantan OCSS epi li fèt selon menm règ Tribinal la.
- Yo soumèt akò a bay Tribinal la pou li apwouve epi yo konvèti li an yon lòd sou konsantman.
- Tribinal la egzije toulede paran yo pou yo asiste omwen yon odyans pou asire yo te patisipe volontèman nan pwosesis la epi yo konprann dwa ak responsablite yo.
- De (2) pwogram sa yo ofri paran yo yon apwòch altènatif pou etabli ak modifiye lòd sipò timoun yo, sa ki ta dwe redui kantite odyans tribinal yo, bay paran yo jarèt epi fè pwosesis la pi fasil pou paran adapte yo pase pwosesis ki abitye fèt la.



# PWOGRAM SIPÒ TIMOUN LAN

## KIJAN POU ENSKRI NAN SIPÒ TIMOUN

Paran k ap viv ak timoun nan k ap aplike pou asistans lajan kach oswa Sèlman Asistans Medikal (Medical Assistance Only, MAO), yo refere yo otomatikman nan yon Biwo Minisipalite OCSS (OCSS Borough Office) pou sèvis sipò timoun. Li obligatwa pou yo kolabore avèk sipò timoun pou yo resevwa avantaj lajan kach ak/oswa Medicaid pou fanmi yo.

Paran k ap viv ak timoun nan ki p ap aplike oswa ki p ap resevwa asistans lajan kach oswa MAO kapab aplike pou sèvis sipò timoun fason sa a:

- Atravè aplikasyon mobil sipò timoun nan [nyc.gov/childsupportmobile](http://nyc.gov/childsupportmobile) (pou telechaje aplikasyon an ale sou App Store oswa Google Play);
- An pèsòn nan Biwo Sèvis Sipò Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi an ki (<https://on.nyc.gov/contactocss>) sitiye nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi nan minisipalite kote y ap viv la;
- Telechaje fòm pou enskripsyon an sou [www.nyc.gov/hra/ocss](http://www.nyc.gov/hra/ocss) epi après a voye yon fòm enskripsyon ki fin ranpli epi ki siyen an bay OCSS pa lapòs oswa voye li nan yon mesaj imèl nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) ak sijè "Child Support enrollment form". (Fòm enskripsyon pou Sipò Timoun)

Nenpòt adilt k ap viv avèk yon timoun minè epi k ap okipe li ka enskri pou sèvis sipò timoun. Li pa nesesè pou yo gen lagad legal.

OCSS pral bezwen dokiman ki ka ede jwenn paran ki pa responsab legal la epi bay prèv relasyon ou genyen ak li epi relasyon timoun ou an genyen avèk paran ki pa responsab legal la. Bay tout kantite nan enfòmasyon sa yo, jan ou kapab la:

- Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Tax Identification Number, ITIN) paran ki pa responsab legal la
- Batistè pou chak timoun yo dwe sou petisyon an
- Sètifika maryaj, papyè divòs oswa papyè separasyon, si sa nesesè
- Rekonesans Lyen Parantal Volontè oswa Lòd Filyasyon yon Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi bay, si li aplikab
- Adrès ak yon (plizyè) nimewo telefòn paran ki pa responsab legal la
- Non ak adrès patwon paran ki pa responsab legal la
- Foto resan

*Si ou pa konnen ki kote paran ki pa responsab legal la ye oswa si ou pa konnen nimewo sekirite sosyal li oubyen ITIN li, bay enfòmasyon sa yo pou ka ede nou idantifye epi lokalize l:*

- Dat nesans ak kote li fèt
- Dènye adrès li ou konnen
- Non paran li yo (ansanm ak non jèn fi manman li)

### LOKALIZE PARAN KI PA RESPONSAB LEGAL LA

Anpil paran k ap viv ak timoun nan konnen ki kote lòt paran an ap viv oswa ap travay. Si enfòmasyon sa a pa disponib, OCSS ap chèche nan bazdone òdinatè pou jwenn adrès ak travay aktyèl paran ki pa responsab legal la.

Paran ki pa responsab legal la gendwa se papa a oswa manman an. Nan ka kote moun k ap okipe timoun nan pa yon paran byolojik, yo konsidere ni manman an ni papa a kòm paran ki pa responsab legal la epi yo oblije peye sipò timoun nan. OCSS kapab jwenn paran ki absan k ap viv oswa travay nan lòt eta yo. Fè nou konnen touswit si w aprann nouvo enfòmasyon k ap ede nou jwenn paran ki pa responsab legal la.

### KONFIMASYON PATÈNITE

Lè yon timoun fèt ak paran ki pa marye, yo dwe konfime patènite a (lyen parantal la) anvan yo kapab bay yon lòd sipò timoun:

- Konfimasyon patènite bay timoun ou an avantaj ki gendwa gen ladan Sekirite Sosyal, alokasyon militè, pansyon, sipò timoun, asirans sante ak dwa pou eritye lòt paran an.
- Yo kapab konfime patènite a nan lopital la dèke tibebe a fèt, oswa nenpòt lè anvan li rive nan laj 21 lane. Si toulede paran yo dakò, yo ka siyen yon fòm Rekonesans Patènite (Acknowledgment of Paternity, AOP), ki vin tounen yon dokiman legal lè yo depoze l nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH). Yo kapab konfime patènite a tou nan yon odyans nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi. Nenpòt paran ka depoze yon petisyon pou yon odyans pou patènite.
- Si gen yon dout sou idantite lòt paran an, gen tès ADN ki pa koute chè (<https://bit.ly/ocssdnatest>) ki disponib pa mwayen laboratwa sètifye Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon ak yon referans, kontakte Liy ADN OCSS (OCSS DNA Line) nan 929-221-5008. Si ou gen yon dat ki prevwa pou w parèt nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an pou yon odyans pou sipò timoun, ou pa kapab mande yon tès ADN ki pa koute chè poukont ou. Jij Sipò a pral bay lòd pou fè yon tès ADN si li nesesè pou konfime patènite a.

## REMÈT YON KONVOKASYON

Aprè yon petisyon pou patènite ak/oswa pou sipò timoun fin depoze, yo dwe avèti paran ki pa responsab legal la avèk yon konvokasyon ki gen dat ak lè odyans sipò timoun lan ak obligasyon pou li prezante. Lè w mande sa, OCSS ap bay sèvis konvokasyon an, anjeneral pa lapòs, san w pa peye anyen. Si w prefere, pou okipe sa poukont ou, ou ka fè yon moun ou konnen remèt konvokasyon an ofisyèlman. Ou pa ka remèt konvokasyon an oumenm.

## ALE NAN TRIBINAL

### Fason Ou Kapab Mennen Yon Akò Nan Tribinal

Yo pral bay paran ki pa responsab legal la ak paran k ap viv ak timoun nan opòtinite pou yo antre nan yon akò volontèman anvan yo parèt nan Tribinal. Kalite akò sa a baze sou direktiv estanda pou sipò timoun Tribinal la itilize men paran an oswa paran yo pral dwe diskite sa avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS). Se yon altènativ pou yon pwosedi tribinal fòmèl epi li fèt pou li adapte epi bay sipò, ki pèmèt toulede paran yo gen opòtinite pou yo pale.

Pou yon akò:

- Yon travayè OCSS ekri akò a dapre direktiv yo epi ede paran yo rasanble dokiman ki obligatwa yo.
- Yo depoze dosye akò ki apwouve a nan Tribinal pou yo ka pwograme yon odyans.
- Anjeneral, se yon sèl prezantasyon nan Tribinal ki nesèsè pou Jij Sipò a asire paran yo te volontèman konkli yon akò epi apwouve akò a kòm yon lòd sou konsantman.

*Si w enterese jwenn plis enfòmasyon sou zafè siyen yon akò, rele nan 1-929-252-5289 oswa voye yon imèl bay [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us) avèk sijè "CSSAP" pou pran yon randevou epi jwenn enfòmasyon.*

### Konbyen Lajan Mwen Pral Resevwa?

Montan revni sipò timoun yo resevwa a baze sou obligasyon sipò timoun Tribinal la fikse a. Depi paran ki pa responsab legal la peye, yo distribiye montan total revni sipò timoun nan bay paran k ap viv ak timoun yo, sof si y ap resevwa asistans lajan kach. Pou kliyan asistans lajan kach ki gen yon timoun yo, y ap resevwa jiska \$100 nan revni pou sipò timoun epi \$200 pou sa ki gen de (2) timoun, anplis kantite avantaj asistans lajan kach yo a. Nan sityasyon kote yon timoun abite nan yon Fanmi Dakèy (Foster Care), DSS kenbe tout revni sipò timoun nan.

### Konbyen Tan Pwosesis La Pran Anvan Moun Nan Resevwa Peman An?

Pou tout pwosesis la, soti nan lè w ap enskri nan sèvis yo pou rive nan jwenn yon òdonans tribinal kapab pran plizyè mwa, si yo konnen kote paran ki p ap viv ak timoun lan rete. Si paran ki pa responsab legal la ap travay, yo voye yon Lòd pou Kenbe Revni (Income Withholding Order, IWO) bay patwon an epi jeneralman moun nan ka espere jwenn peman pou sipò timoun lan nan espas yon mwa apre patwon an fin resevwa Lòd pou Kenbe Revni an (IWO).

### Sa Ou Dwe Konnen Sou Odyans Tribinal Ou A

Nan tribinal la, Jij Sipò a ap koute temwayaj yo epi l ap egzamine enfòmasyon sou revni ak depans toulede paran yo. Li pral itilize enfòmasyon sa yo pou kalkile konbyen sipò paran ki pa gen lagad la dwe bay.

- Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi fèt yon fason pou ou kapab reprezante tèt ou. Ou pa bezwen yon avoka, men ou ka anboche yonn si w vle. Genyen kèk **opsyon ki pa koute chè** (<https://on.nyc.gov/low-cost-legal>) ki disponib.
- Toulede paran yo dwe prezante nan odyans lan. Lè toulede paran yo vini byen prepare ansanm ak dokiman finansye yo, gendwa gen mwens odyans ki fèt. Si paran ki pa responsab legal la pa vini nan odyans lan oswa li pa bay ase enfòmasyon sou revni li, Jij Sipò a gendwa repòte odyans lan epi pwograme li pou yon lòt dat. Nan ka sa a, paran k ap viv ak timoun nan dwe prezante nan pwochen odyans tribinal la sinon yo ka rejte zafè a. Jij Sipò a ka kontinye san prezans paran ki pa gen lagad la epi fikse yon lòd pa defo si gen prèv yo te remèt konvokasyon an ofisyèlman.
- Si youn nan paran yo pa dakò ak lòd sipò timoun lan, li ka depoze yon kontestasyon alekri nan biwo Grefye Tribinal la nan espas 30 jou apre dat lòd la oswa nan espas 35 jou apre dat yo te voye lòd la bay pati yo pa lapòs la. Lòt paran an ap gen okazyon pou reponn kontestasyon an. Yon jij Tribinal Fanmi ap egzamine dosye afè a epi pran yon desizyon.

### Dokiman W ap Bezwen yo

- Afidavit Deklarasyon Finansye ki Ranpli (<https://bit.ly/FinDisclosure>)
- Prèv revni ak byen tankou souch chèk, deklarasyon taks sou revni, kont bank, ak lòt investisman ak byen imobilye
- Prèv depans nan kay tankou lwaye ak manje
- Prèv depans medikal, pou gadri ak pou edikasyon

### Prezante Tèt Ou nan Tribinal

- Rive a lè
- Abiye yon fason ki apwopriye
- Vini avèk yon lis pwen enpòtan ou prepare epi respekte lis la paske tan an limite
- Vini avèk Afidavit Finansye w la ranpli ak nenpòt lòt dokiman sipò
- Pale lè tou pa w rive; pa pale dirèkteman ak lòt paran an

### LÒD SIPÒ TIMOUN AK SIPÒ MEDIKAL

Pou fè lòd sipò timoun nan Eta New York jis epi regilye, Lwa sou Nòm Sipò Timoun nan (Child Support Standards Act, CSSA) fikse montan debaz pou sipò timoun lan a yon pousantaj fiks nan revni paran yo. Jij Sipò a dwe itilize pousantaj sa yo pou decide ki kantite lajan sipò timoun paran ki pa responsab legal la dwe peye, sof si gen rezon ki pwouve ak dokiman pou li pa fè sa. Yo sèvi ak pousantaj sa yo pou asire timoun yo benefisye menm nivo lavi yo t ap genyen si paran yo t ap viv ansanm. Lalwa pèmèt Jij Sipò yo gen kèk fleksibilite pou yo devye an akò ak rezon ki idantifye nan lalwa.

### Fason Yo Kalkile Montan Lòd La

Dapre lalwa, montan sipò debaz paran ki pa responsab legal la dwe peye a se pousantaj revni brit li mwens taks Vil New York, dediksyon pou Sekirite Sosyal ak Medicare, ak nenpòt sipò timoun oswa sipò mari/madanm l ap peye yon lòt fanmi, epi li depann de konbyen timoun ki konsène.

Revni an gen ladan salè nan yon travay, konpansasyon travayè, peman pou andikap, avantaj asirans chomaj, peman Sekirite Sosyal, ak anpil lòt fòm revni. Li pa gen ladan asistans lajan kach oswa avantaj Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI).

Yo itilize pousantaj sa a pou tout ka kote revni konbine paran yo pa depase \$163,000. Pou revni konbine ki plis pase \$163,000, Jij Sipò a kapab chwazi si wi ou non l ap itilize machaswiv pousantaj yo, epi li gendwa konsidere lòt enfòmasyon pou li fikse tout montan sipò a.

Gen pwoteksyon nan lwa a pou paran ki pa responsab legal ki gen yon revni ki ba. Moun k ap touche mwens pase Rezèv Sipò Endepandan Eta New York la kapab jwenn yon lòd \$50 pa mwa, epi moun k ap touche nan nivo nòmral oswa nivo ki ba nivo povrete federal la ka jwenn yon lòd povrete \$25 pa mwa epi aryere yo ap rive nan \$500. Sa vle di li itil pou etabli yon lòd. OCSS pral travay ak paran ki pa responsab legal yo epi ki gen yon revni ki ba pou mete yo an kontak ak sèvis travay yo. Lè revni yo ogmante, gen chans pou lòd la ogmante tou.

Kantite Timoun:	%
1	17%
2	25%
3	29%
4	31%
5 oswa plis	omwen 35%

OCSS bay yon kalkilatris sou entènèt (<http://bit.ly/CSCalc>) ki ka ba w yon lide sou konbyen lajan sipò timoun yo ka òdone.

### Kisa Lòd Sipò Timoun Nan Gen Ladan

- Montan obligasyon ki baze sou Lwa sou Nòm pou Sipò Timoun nan Eta New York.
- Sipò medikal, ki gen ladan depans pou swen sante pou timoun lan tankou pri asirans sante, franchiz, ak kopeman. Frè sipò medikal yo divize ant de (2) paran yo, selon revni yo. Nenpòt nan paran yo gendwa oblije enskri timoun lan nan yon plan asirans sante, si li disponib nan travay li a. Asirans lan dwe disponib nan yon pri rezonab pou anplwaye a epi sèvis medikal yo dwe disponib kote timoun nan ap viv la.
- Yo ka mete tou nan lòd sipò timoun nan frè rezonab pou edikasyon ak gadri pou timoun lan. Anjeneral depans sa yo divize ant de paran yo dapre revni paran yo. Depans medikal ak edikasyon, si yo ladan, ajoute nan montan debaz lòd sipò timoun nan.

## RESEVWA PEMAN SIPÒ TIMOUN YO

Moun nan pral kapab peye lòd sipò timoun ou an nan Inite Koleksyon Sipò OCSS la (Support Collection Unit, SCU). N ap kolekte peman paran ki pa gen lagad la regilyèman, anjeneral pa mwayen dediksyon pewòl. Yo pral voye peman sipò timoun yo pou ou pa mwayen elektwonik, atravè depo dirèk sou kont bank ou, oswa pa mwayen pwogram Debi Mastercard Eta New York la (New York State Debit Mastercard). Y ap voye chèk nan ka difisil sèlman. Pou depo dirèk sou kont epay ou oswa sou kont chèk ou, ou ka ranpli, siyen, epi retounen fòm lan nan [childsupport.ny.gov](https://childsupport.ny.gov). Ou ka gade yon videyo ki montre fason pou ranpli fòm enskripsyon depo dirèk la nan lis videyo YouTube HRA OCSS la nan ([youtube.com/hranyc](https://youtube.com/hranyc)). Si w pa enskri nan depo dirèk, w ap resevwa peman sipò timoun ou an atravè kat debi Eta New York la.

Si ou demenaje, li enpòtan pou bay OCSS nouvo adrès ou <https://on.nyc.gov/3FAiB0S> pou nou ka kontakte w epi asire ou pa manke okenn peman oswa lòt korespondans enpòtan.

Yo gendwa fè w peye yon frè sèvis ki se \$35 chak ane. Frè a aplike sèlman pou paran k ap viv ak timoun nan epi ki pa janm resevwa avantaj asistans lajan kach nan okenn Eta. Y ap pran frè a si yo kolekte omwen \$550 sipò pou ou pandan ane fiskal federal la (1ye oktòb–30 septanm). Frè a ap kontinye aplike nan chak ane fiskal federal lè yo kolekte \$550 oswa plis.

OCSS pa kapab bay sèvis koleksyon ak sèvis egzekisyon si ou gen yon lòd ki di yo ka peye w dirèkteman. Ou ka mande yon Chanjman Benefisyè soti nan Peman Dirèk pou pran pito moun nan Ka Peye w pa mwayen Inite Koleksyon Sipò a (SCU) <https://on.nyc.gov/3TNqXXv> nan Biwo Sèvis Sipò Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi (FCSS) OCSS la nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan minisipalite ou a. Yo kapab fè yon Chanjman Benefisyè nan nenpòt lòd sipò timoun ki soti nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi Eta New York oswa nan Kou Siprèm Eta New York, san yon odyans nan tribinal.

## FÈ RESPEKTE Lòd SIPÒ TIMOUN NAN

Egzekisyon vle di pran mezi ki apwopriye pou kolekte sipò timoun ki depase delè epi asire peman aktyèl ak pwochen peman yo. Pwosesis egzekisyon an kòmanse lè lòd la fèt peyab nan Inite Koleksyon Sipò (SCU) epi li fini lè lòd la fini epi nenpòt aryere peye. Lè peman yo anreta, gen yon kantite zouti egzekisyon yo ka itilize pou kolekte peman yo.

Enpe aksyon egzekisyon administratif. Sa vle di yon odyans nan tribinal pa obligatwa. OCSS gen otorite pou sèvi ak metòd sa yo pou fè respekte lòd yo, tankou:

- Ogmante montan yo dwe sezi sou salè ou an a 50% pou diminye dèt sipò timoun yo (aryere)
- Sezi lajan nan kont bank, nan ranbousman taks sou revni, sa moun nan genyen nan lotri epi nan antant ak konpayi asirans lan
- Bloke lisans pou kondwi a
- Siyale sipò timoun ki poko peye nan ajans evalyasyon kredi yo
- Refere ka yo nan Depatman Taks ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance) pou koleksyon dèt sipò timoun
- Refize nouvo paspò ak renouvèlman paspò
- Refize nouvo ak renouvèlman lisans, pèmi, anrejistremant ak sètifika Vil New York pou biznis ak pwofesyon.

*Ajans lisans Vil New York gen ladan, men se pa sa sèlman, Komisyon Taksi ak Limouzin, Depatman Afè Konsomatè, Depatman Ponpye, ak Depatman Lapolis*

Lòt aksyon egzekisyon yo se bagay jidisyè. Sa vle di yon odyans nan tribinal obligatwa. Si w p ap resevwa asistans lajan kach, ou ta dwe ranpli yon pètisyon vyolasyon. Metòd egzekisyon jidisyè yo gen ladan:

Yon odyans pou vyolasyon. Sa ka lakòz nenpòt nan bagay sa yo:

- Jijman sou lajan avèk enterè ki ajoute (obligatwa selon lalwa pou tout odyans pou vyolasyon)
- Privilèj sou nenpòt pwopriyete ou posede
- Angajman lajan kach (depo lajan kach pou valè jiska twa (3) ane peman sipò timoun) pou garanti peman pwochen sipò timoun yo
- Patisipasyon nan yon pwogram travay
- Sispansyon lisans Eta a bay pou pwofesyon, komès, ak pou lwazi. Ajans lisans leta yo gen ladan, men se pa sa sèlman, Depatman Edikasyon, Eta, ak Konsèvasyon Anviwònman, Biwo Administrasyon Tribinal, ak Otorite kontwòl Alkòl
- Anprizònman
- Rekòmandasyon pou pousuit kriminel devan lajistis



## CHANJE MONTAN LÒD SIPÒ TIMOUN NAN

### Pase Pa Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi Pou Chanje Montan Lòd La

Nenpòt nan paran yo gendwa depoze yon petisyon nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an pou modifye (chanje) montan lòd sipò timoun lan si gen yon gwo chanjman nan sikonstans yo, ki gendwa defini kòm yon chanjman nan sikonstans ki pa rezonab epi ki pa t planifye, oswa si bezwen timoun nan pa satisfè. Jij Sipò a ap egzamine nouvo enfòmasyon yo prezante yo epi deside si yo ta dwe fè yon chanjman.

Nòm anplis pou modifikasyon sa a aplike pou lòd sipò timoun yo mete anplas nan dat 13 oktòb 2010 oswa apre dat sa.

- Twa (3) lane gentan pase depi lòd la te bay, depi dènye modifikasyon an oswa ajisteman an.
- Te gen yon chanjman nan nivo 15% oswa plis nan revni avan dedikasyon nenpòt nan paran yo depi yo te bay lòd la, depi yo te fè dènye modifikasyon sou li, oswa ajiste li. Nenpòt diminyon nan revni dwe envolontè epi paran ki deklare revni li diminye a dwe te fè efò dilijan pou jwenn travay ki koresponn ak edikasyon li, kapasite l ak eksperyans li.
- Moun ki nan prizon yo gendwa depoze yon petisyon pou modifikasyon akoz yon gwo chanjman nan sikonstans yo depi anprizònman yo a pa fèt akoz peman sipò timoun yo pa peye, oswa yon enfraksyon kont paran k ap viv ak timoun nan oubyen kont timoun nan.
- Nenpòt chanjman nan lòd la pral remonte ale nan dat demann lan te fèt nan tribinal la, se p ap nan dat chanjman sikonstans lan te fèt la.

### Lòd Modifikasyon Nan Estipilasyon (Modifying Orders Through Stipulation, MOTS)

Yon altènativ pou yon pwosesis ki pi long nan zafè Tribinal pou chanje yon lòd sipò timoun se yon akò ant paran k ap viv ak timoun nan epi paran ki pa responsab legal la, OCSS ka fasilite. Pwogram sa a, ki rele Lòd Modifikasyon Nan Estipilasyon (MOTS), anjeneral, egzije yon kout prezantasyon nan odyans Tribinal ki lakoz yon òdonans sipò timoun sou konsantman, ki se yon lòd toulede pati yo (paran yo) te dakò.

MOTS ofri ni paran k ap viv ak timoun nan epi paran ki pa responsab legal la yon opòtinite pou diskite, poze kesyon, epi jwenn yon akò sou nouvo montan obligasyon sipò timoun nan. Sa

fèt grasak yon travayè sipò timoun, andeyò Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an, li itilize menm direktiv ak Tribinal la. Lè yon akò fin konkli epi toulede paran yo siyen l, yo pwograme yon odyans Tribinal. Paran yo bezwen parèt men, anjeneral, yon sèl fwa.

### Chanje Montan Lòd la Grasak Yon Ajisteman Pou Depans Chak Jou Yo (Cost Of Living Adjustment, COLA):

Yo gendwa ogmante lòd sipò timoun yo avèk yon Ajisteman Pou Depans Chak Jou yo (COLA), san w pa tounen nan tribinal. Se sèlman paran k ap viv ak timoun nan epi ki gen lòd sipò timoun yo peye l atravè OCSS ki kapab jwenn yon COLA. Montan COLA a baze sou chanjman chak ane nan endèks pri konsomatè pou zòn iben yo (Consumer Price Index for Urban Areas, CPI-U), ki suiv pri atik tankou manje, rad, lojman, transpò, gaz ak frè medikal.

Yo gendwa ajoute yon COLA nan yon lòd sipò timoun lè ogmantasyon chak ane nan CPI-U a vin omwen 10% apati dat mizanplas lòd la oswa apati dènye modifikasyon li. Sa kapab pran plizyè ane pou rive nan ogmantasyon obligatwa 10% nan CPI-U a. Kliyan asistans lajan kach yo ap resevwa COLA a otomatikman lè dosye sipò timoun yo a vin kalifye. Lè dosye yo ranpli kondisyon pou yon COLA, y ap enfòm kliyan ki pa gen asistans lajan kach yo pa lapòs. Yo dwe reponn avi a pou yo ka resevwa ogmantasyon an.

### Chanje Lòd la Lè Yon Timoun Vin Majè

Lòd yo gendwa resevwa lajan. Sa vle di yon kantite lajan espesifik asosye ak chak timoun. Lè sa rive, akoz timoun nan vin majè, yo pral otomatikman ajiste lòd la pandan chak timoun ap vin majè. Gen kèk lòd yo pa resevwa lajan. Nan ka sa yo, ni paran oswa responsab legal yo bezwen retounen nan Tribinal la pou fè yo modifye lòd la yon fason pou mansyone timoun nan vin yon majè kounye a.

### ANILASYON LÒD SIPÒ TIMOUN LAN

Nan Eta New York, paran ki pa responsab legal la oblije peye sipò timoun jiskaske timoun nan vin majè (nòmalman se lè li rive nan laj 21 lane). Lè timoun ki pi piti nan yon dosye vin gen 21 lane, pa gen anyen yo dwe fè pou mete fen nan lòd la – sa fèt otomatikman. Nan kèk sikonstans, tribinal la ka sispann lòd sipò timoun yo anvan laj 21 lane, lè:

- Timoun nan vin majè – li bwote kite kay la epi li vin ap bay pwòp tèt li sipò, li marye, oswa li antre nan militè.
- Paran ki pa responsab legal la vin gen lagad timoun nan. Nan ka sa a, paran ki pa responsab legal la dwe depoze yon petisyon pou anile lòd la epi etabli yon nouvo lòd kont ansyen lòd paran k ap viv ak timoun nan te genyen an.

- Ou tounen ak lòt paran an epi nou fòme yon sèl kay. Anplis, li dwe depoze yon petisyon nan tribinal la pou anile lòd la.

Depi yo fin anile lòd la, ou ka toujou gen dwa pou resevwa sipò timoun si peman paran ki pa responsab legal la pa t anrèg epi li dwe kèk aryere.



## DIVÒS AK SIPÒ TIMOUN

Nan Eta New York, yo tandè afè divòs yo nan Kou Siprèm. Yo pibliye yon jijman divòs, ki deklare kondisyon ki nan divòs la. Jijman divòs la gendwa gen ladan yon lòd sipò timoun. De (2) paran yo ak avoka yo kapab deside montan lòd sipò timoun lan antre yo, oswa jij Kou Siprèm lan ka tandè zafè a. Si jij la deside montan obligasyon an, l ap baze lòd la sou menm Lwa sou Nòm pou Sipò Timoun nan Eta New York yo itilize nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an. Ou ka mande pou ou gen lòd sipò timoun nan peyab a OCSS epi sèvi ak sèvis nou yo pou kolekte ak egzekite peman yo.

### POU FÈ SA:

1. Ranpli Fòm (LDSS-5258) pou Enskripsyon Sipò Timoun nan ou ka jwenn sou [nyc.gov/hra/ocss](https://nyc.gov/hra/ocss), oswa sou <https://otda.ny.gov/programs/applications/5258.pdf>
2. VOYE PA LAPÒS LDSS-5258, yon kopi konplè jijman divòs la, epi di ou vle konvèti l yon fason pou moun nan ka peye l nan OCSS pito. Voye pake a pa lapòs bay:  
OCSS, c/o Accounts Maintenance Director  
PO Box 830  
Canal Street Station  
New York, NY 10013 **OSWA**
3. Pote jijman divòs ou a nan Biwo Sèvis Sipò Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi (Family Court Support Services, FCSS) OCSS la nan minisipalite pa w la epi enskri nan sèvis sipò timoun nan an pèsòn. Sa pral asire jijman divòs la konvèti an yon lòd ki di moun nan ka peye nan OCSS.

Y ap antre montan lòd sipò a nan sistèm enfòmasyon nou an menm jan li parèt nan jijman divòs Kou Siprèm ou an. Nenpòt nan paran yo gendwa depoze yon petisyon pou modifiye montan lòd sipò timoun lan si sikonstans pa yo oswa bezwen timoun nan chanje. Si jijman divòs ou an deklare Kou Siprèm konsève konpetans, lè sa a, ou dwe ale nan Kou Siprèm pou mande modifikasyon an. Si lòd la deklare Kou Siprèm bay Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi konpetans konkiran, oswa li pa mansyone konpetans ditou, ou ka tounen nan youn ou lòt.

Ou ka ale dirèkteman nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an pou ou enskri pou sèvis sipò timoun si w gen yon jijman divòs ki pa gen yon òdonans pou sipò timoun oswa si w potko kòmanse pwosesis divòs la nan Kou Siprèm. Depi w fin depoze papye yo nan Kou Siprèm epi ou gen yon dat pou yon odyans k ap vini, ou pa kapab mande yon odyans sipò timoun nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an toutotan lòt pwoblèm tribinal pako fin rezoud.



## GAD AK VIZIT

Yo pa diskite sou gad ak vizit nan odyans pou sipò timoun lan epi yo pa mete yo nan lòd sipò timoun lan. OCSS kwè paran ki pa responsab legal yo gen plis chans pou yo peye sipò timoun si paran oswa responsab legal yo gen yon akò vèbal oswa alekri anplas pou wè pitit yo epi/oswa pataje responsablite yo. Yon paran ki bezwen èd pou pwoblèm gad ak vizit gendwa depoze yon petisyon nan tribinal pou yon odyans gad ak vizit (<http://ww2.nycourts.gov/COURTS/nyc/family/faqscustodyandvisitation.shtml>). Nan odyans lan, jij la oswa majistra a gendwa refere paran yo nan sèvis medyasyon. Si yo rive jwenn yon akò satisfèzan nan pwosesis medyasyon tribinal la refere a, jij la oswa majistra a ap fè akò a vin yon lòd tribinal. Si yo pa rive jwenn yon akò, y ap retounen dosye a nan tribinal epi jij la oswa majistra a pral deside kijan pou rezoud pwoblèm yo.

### ESEYE MEDYASYON POU REZOUZ DIFERANS OU YO

Epitou, sèvis medyasyon yo disponib san referans yon tribinal pou diskite sou pwoblèm edikasyon timoun nan (leve timoun nan). Paran yo gendwa kontakte nenpòt nan òganizasyon sa yo dirèkteman pou sèvis medyasyon gratis oswa (<https://bit.ly/ocssmediation>) bon mache:

- **Center For Mediation And Training:** 212-799-4302 (tout kliyan yo; tarif pa èdtan)
- **Community Mediation Services:** 718-523-6868 (Rezidan Queens yo)
- **Institute For Mediation And Conflict Resolution:** 718-585-1190 (Rezidan Bronx yo)
- **New York Legal Assistance Group:** [hrasupport@nylag.org](mailto:hrasupport@nylag.org) (kliyan ki pa gen anpil revni)
- **New York Peace Institute:** 212-577-1740, 718-834-6671 (Rezidan Brooklyn ak Manhattan yo)
- **Parent Help:** 800-716-3468 (yon pwogram ki gen finansman federal epi ki ofri yon liy èd gratis ak konfidansyèl nan telefòn pou manman ak papa k ap viv apa)

## VYOLANS NAN KAY AK SIPÒ TIMOUN

Lè pifò moun tande pawòl "vyolans nan kay", yo panse a vyolans fizik. Men, nan kèk ka, abizè yo pa janm atake viktim yo fizikman. Lòt fòm abi oswa fason pou kontwole viktim yo gen ladan abi emosyonèl, seksyèl, ak finansye. Anpil abizè itilize lajan kòm yon mwayen pou kontwòl. Yon abizè kapab refize yon viktim gen aksè a lajan, oswa lojman, oswa yon machin, ki fè li difisil pou li kite oswa rete lwen. Abizè yo ka itilize menas sou sipò timoun pou kontwole viktim yo. Anplis menas vyolans fizik, yon abizè ka di ou p ap janm wè yon santim sipò timoun si ou ale oswa ou pral pèdi lagad si ou mande sipò timoun.

Si w gen nenpòt enkyetid, tanpri pran yon ti moman pou li Information for All Child Support Applicants About Getting Child Support Safely (W-280a) (Enfòmasyon pou Tout Moun ki Aplikan Sipò Timoun Pou Jwenn Sipò Timoun San Danje) <https://on.nyc.gov/child-support-safely> ki disponib sou sit entènèt nou an nan [www.nyc.gov/hra/ocss](http://www.nyc.gov/hra/ocss). Dokiman sa a dekri sèvis nou bay ki kapab deklannche vyolans nan kay. Si ou toujou vle mande sipò timoun, gen plizyè fason pou fè sa san danje.

Si w ap aplike oswa si w ap resevwa asistans lajan kach, ou oblije kolabore avèk sipò timoun nan pou ka jwenn tout avantaj ou dwe jwenn pou fanmi ou. Men, si gen risk pou gen vyolans nan kay, ou dwe di Espesyalis Opòtinite Travay (Job Opportunity Specialist, JOS) nan Sant Travay la oswa ajan sipò timoun lan laperèz ou genyen epi ou ka jwenn dispans pou egzijans sa a.

Si ou p ap aplike oswa si ou p ap resevwa asistans lajan kach epi genyen risk pou sibi vyolans nan kay, ou kapab deside si ou vle sèvis sipò timoun. Anpil viktim vyolans nan kay yo pè kolekte sipò timoun yo, men yo vle kontinye yon dosye sipò paske yo bezwen lajan an. Kèlkeswa sityasyon an, anpil viktim santi toulede paran yo dwe responsab timoun yo genyen ansanm yo. Si ou deside kontinye, ou kapab toujou chanje lide w.

- Lè w al nan tribinal pou depoze yon petisyon pou sipò timoun, fè travayè sipò timoun nan ak pèsònèl Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an konnen jan ou pè. Y ap kolabore avèk ou pou asire konfidansyalite enfòmasyon ak sekirite dosye a nan tribinal la. Ou kapab mande pou tribinal la:
  - » Retire adrès ou ak enfòmasyon travay ou nan petisyon yo, nan avi yo, ak nan nenpòt lòt fòm tribinal
  - » Pa di lòt paran an ki kote w ap viv oswa ap travay
  - » Pèmèt ou kite tribinal la yon fason separe avèk lòt paran an
  - » Bay lòd pou nenpòt tès ADN ki nesèsè pou konfime patènite fèt nan dat diferan
  - » Refere w nan sèvis pou vyolans nan kay
- Depi ou gen yon lòd sipò timoun, OCSS kapab bay yon egzekisyon administratif san patisipasyon w. Si sityasyon ou vin danjere epi ou enkyete pou sekirite oumenm oswa pitit ou yo, ou ka mande OCSS pou fèmen dosye w la nenpòt lè.

Si w ap sibi vyolans nan kay, oswa si ou konnen yon moun ki nan sityasyon an, gen èd ki disponib. Liy Dirèk pou siyale Vyolans nan Kay nan Vil New York (800-621-HOPE) (800-621-4673) bay enfòmasyon sou konsèy, chèltè, sèvis pou timoun ak asistans legal.



## ENFÒMASYON POU KLIYAN ASISTANS LAJAN KACH AK ASISTANS MEDIKAL

Yo pral pwograme yon entèvyou pou ou nan yon Biwo Minisipalite pou Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS), si w ap aplike oswa ap resevwa asistans lajan kach oswa Sèlman Asistans Medikal (MAO), oswa ou bezwen ajoute yon timoun nan dosye asistans lajan kach ou an. Nan entèvyou a, yon travayè sipò timoun ap poze w kesyon sou paran ki pa responsab legal la (paran k ap viv deyò kay la). Yo gendwa diminye avantaj ou yo si w pa respekte randevou ou a oswa si w pa rive bay dokiman ak enfòmasyon sou paran ki pa responsab legal la.

### DOKIMAN W AP BEZWEN YO

Dokiman ak enfòmasyon ou pral bezwen pou entèvyou nan Biwo Minisipalite OCSS ou an:

- Referans ranpli yo te ba ou ansanm ak avi randevou a (ou ka jwenn kopi nan [www.nyc.gov/hra/ocss](http://www.nyc.gov/hra/ocss))
- Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Tax Identification Number, ITIN) paran ki pa responsab legal la
- Batistè pou chak timoun yo dwe sou petisyon an
- Sètifika maryaj, papyè divòs oswa papyè separasyon, si sa nesèsè
- Rekonesans Lyen Parantal Volontè oswa Lòd Filyasyon yon Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi bay, si li aplikab
- Adrès ak yon (plizyè) nimewo telefòn paran ki pa responsab legal la
- Non ak adrès patwon paran ki pa responsab legal la
- Foto resan

*Si ou pa konnen ki kote paran ki pa responsab legal la ye oswa si pa konnen nimewo Sekirite Sosyal li oubyen ITIN li, enfòmasyon sa yo ap ede nou idantifye epi lokalize li:*

- Dat nesans ak kote li fèt
- Dènye adrès li ou konnen
- Non paran li yo (ansanm ak non jèn fi manman li)

### KOLABORE AK SIPÒ TIMOUN

Si w ap aplike oswa si w ap resevwa asistans lajan kach, ou oblije kolabore avèk OCSS pou ka jwenn tout avantaj ou dwe jwenn pou fanmi ou. Si ou pa bay enfòmasyon yo mande yo, yo gendwa sanksyone w, sa vle di yo gendwa diminye avantaj Asistans Lajan Kach ou an a 25%, ou gendwa pèdi Medicaid pou tèt pa ou, ou gendwa vin pa kalifye pou kèk pwogram asistans pou lwaye oswa yo gendwa diminye sipleman pou lwaye ou a, epi sanksyon an ap rete anvigè sof si epi jiskaske ou bay enfòmasyon espesifik yo mande yo epi ou konfòme w avèk sipò timoun nan.

Nan kèk sitiyasyon, gen bon rezon pou w pa kolabore. Yo gendwa pèmèt ou prezante yon demann motif valab pou rezon sa yo:

- Ou krenn abi fizik oswa emosyonèl nan men lòt paran an pou oumenm oswa pitit ou a (yo)
- Pitit ou te fèt nan yon gwasès akòz ensès oswa kadejak
- Ou ap kolabore avèk yon ajans adopsyon pou fè adopte pitit ou a

Di travayè sipò timoun lan si youn nan sitiyasyon sa yo aplike pou ou. L ap refere w bay yon konseye pou vyolans nan kay si reklamasyon ou an se akòz abi fizik oswa emosyonèl. Konseye a pral deside si ou gen yon rezon valab epi si ou kalifye pou yon dispans total oswa pasyèl, ki vle di ou gendwa pa gen pou kolabore avèk enpe oswa tout kondisyon sipò timoun yo kounye a.

Si yo pran sanksyon kont ou poutèt ou pa respekte sa yo mande w yo, yo ka leve sanksyon w lan nenpòt lè ou bay enfòmasyon espesifik yo mande yo epi ou konfòme w avèk sipò timoun nan. Epitou, ou kapab kontakte Biwo Minisipalite OCSS la (<https://on.nyc.gov/contactocss>) epi kolabore.

## ALE NAN TRIBINAL

Yo atann pou w ale nan odyans sipò timoun lan si/lè yo refere dosye w la nan tribinal. Ap gen yon avoka nan odyans lan pou reprezante Depatman Sèvis Sosyal oswa Administrasyon Resous Imèn (HRA) nan Vil New York, ajans ki depoze petisyon an nan non timoun ki sou asistans lajan kach la (yo). Men, ou dwe prepare pou reponn kèk kesyon kanmenm. Si dosye asistans lajan kach ou a oswa Sèlman Asistans Medikal ou a (MAO) fèmen anvan dat odyans lan, ou ta dwe toujou ale nan odyans lan. Jij Sipò a kapab konfime patènite ak/oswa mete yon lòd sipò timoun si toulede paran yo la.

Ou gendwa kalifye pou patisipe nan Pwogram Akò Estipilasyon Sipò Timoun nan (Child Support Stipulation Agreement Program, CSSAP). CSSAP ka senplifye pwosesis sipò timoun nan epi li gendwa diminye tan ou pase nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an. Rele nan 1-929-252-5289 oswa yon mesaj imèl ba nou nan [cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:cseweb@dfa.state.ny.us) avèk sijè "CSSAP" pou pwograme yon randevou epi jwenn plis enfòmasyon.

## FANMI DAKÈY

Si pitit ou a nan fanmi dakèy, ou bay Depatman Sèvis Sosyal oswa Administrasyon pou Sèvis Timoun nan dwa ou genyen sou revni sipò timoun ki kolekte yo. Lè w fin rejwenn pitit ou a, yo voye revni sipò timoun nan ba ou, sof si w ap resevwa asistans lajan kach. Si se sa, règ asistans lajan kach yo ap aplike, sa vle di ou resevwa premye \$100 a (oswa \$200 pou de (2) timoun oswa plis) epi DSS kenbe rès la.

## KONBYEN SIPÒ TIMOUN OU KAPAB JWENN PANDAN W AP RESEVWA ASISTANS LAJAN KACH

- Yo pral voye premye \$100 (oswa \$200 pou de (2) timoun oswa plis) yo kolekte chak mwa nan sipò timoun aktyèl la ba ou ansanm ak avantaj lajan kach ou a. Sa se bonis oswa peman siplemantè ou epi li disponib sou kat EBT ou. Nan pifò ka yo, yo itilize rès lajan yo kolekte a pou ranbouse HRA pou avantaj lajan kach ou yo. Si ou deja gen yon lòd sipò timoun anvan ou aplike pou avantaj lajan kach, ou ka gen dwa pou jwenn "peman aryere fanmi yo." Mande travayè sipò timoun ou an si sa aplike pou ou.
- Nenpòt peman sipò timoun ou resevwa dirèkteman nan men paran ki pa responsab legal la, pandan w ap resevwa asistans lajan kach, ou dwe retounen yo bay HRA (Administrasyon Resous Imèn). Si w kenbe peman sipò timoun sa yo, yo konsidere sa kòm fwod asistans sosyal.

- Si montan sipò timoun yo kolekte a plis pase avantaj ou yo, ou gendwa anmezi pou fèmen dosye asistans lajan kach ou a epi ou toujou gen dwa pou jwenn avantaj Pwogram Èd Nitrisyon Siplemantè yo (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) (koupon pou manje), Kredi Taks Sou Revni Ou Touche (Earned Income Tax Credit, EITC), avantaj gadri ak Medicaid.

## JWENN SIPÒ TIMOUN LÈ OU KITE ASISTANS LAJAN KACH

- Depi ou p ap resevwa asistans lajan kach oswa Sèlman Asistans Medikal (MAO) ankò, y ap voye ba ou tout peman ki soti nan men paran ki pa responsab legal la pou sipò timoun ou gen nan moman an. N ap kontinye asire peman yo fèt regilyèman epi alè, san w pa peye anyen.
- Nan kèk ka, OCSS ap toujou genyen dwa pou kenbe peman sipò timoun ki dwe depi lè fanmi ou t ap resevwa asistans lajan kach. Sa pral sèlman rive apre yo fin peye w tout sa yo dwe w dapre lòd sipò timoun ou an oswa lè yo kolekte revni yo grasak entèsepsyon ranbousman taks sou revni leta oswa federal la.
- Si ou pa t genyen yon lòd sipò timoun pandan ou t ap resevwa asistans lajan kach la, men ou gen enfòmasyon kounye a k ap ede nou kolekte sipò timoun pou fanmi w, pou fè nou konnen sa imedyatman rele Liy Èd Sipò Timoun nan Eta New York la nan 888-208-4485. Si nou kapab jwenn paran ki pa responsab legal la, y ap kontakte w pou w ka depoze yon petisyon nan Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi an pou etabli yon lòd.

Peman sipò timoun ansanm ak yon travay epi lòt sipò travay tankou Kredi Taks Sou Revni Ou Touche (EITC), Pwogram Èd Nitrisyon Siplemantè (SNAP; yo rele tou koupon pou manje), Medicaid, ak gadri sibvansyone kapab ede ou vin endepandan finansyèman epi sipòte fanmi ou.

## ENFÒMASYON KONTAK SIPÒ TIMOUN

Si w gen kesyon sou pwogram sipò timoun nan, si w bezwen èd nan dosye sipò timoun ou an, oswa ou bezwen bay OCSS plis enfòmasyon tankou yon nouvo enstitisyon travay oswa yon chanjman adrès:



Voye yon Imèl bay Sèvis Kliyan Biwo Sèvis Sipò Timoun HRA nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

Mete non konplè ou, Nimewo Idantifikasyon Dosye Sipò Timoun nan, ak dat nesans ou. Tanpri byen dekri sijè a epi detaye l nan imèl ou pou anplwaye yo ka ba ou yon repons konplè.



Pran yon randevou nan telefòn ak yon reprezantan Sèvis Kliyan, voye yon imèl pou nou nan [dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us).

Bay non konplè w, Niwo Idantifikasyon Dosye sipò Timoun nan, ak dat nesans, deskripsyon enkyetid ou(yo), nimewo telefòn, ak pi bon moman pou yo kontakte w. Antre "Mande yon Randevou nan Sèvis Kliyan" nan objè imèl ou a. Demann randevou nan telefòn yo ap resevwa yon repons nan 3 jou ouvrab.



Vizite HRA OCSS Customer Service Walk-in Center oswa yon Biwo Tribinal Fanmi. Yo ka jwenn lokal yo nan <https://on.nyc.gov/contactocss>.



Vizite sitwèb HRA OCSS nan <https://nyc.gov/hra/ocss> pou aprann plis sou sèvis sipò timoun.



Rele liy èd Sipò Timoun nan Eta New York la nan 888-208-4485.



Voye konrepondans pa imèl bay:  
OCSS  
PO Box 830  
Canal Street Station  
New York, NY 10013

## RESOUS ANLIY

Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York (New York City Office of Child Support Services, OCSS)  
[nyc.gov/hra/ocss](https://nyc.gov/hra/ocss)

Gade videyo sipò timoun  
[youtube.com/hranyc](https://youtube.com/hranyc)

Biwo Otonomi Finansyè Vil New York  
Konsèy finansyè ak edikasyon gratis  
[nyc.gov/ofe](https://nyc.gov/ofe)

Divizyon Sèvis Sipò Timoun Eta New York,  
Gade enfòmasyon sou kont ou\*  
[childsupport.ny.gov](https://childsupport.ny.gov)

Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la  
[nycourts.gov](https://nycourts.gov)

Aplikasyon Mobil Access HRA Sipò Timoun  
<http://www.nyc.gov/childsupportmobile>

# EGZANP LÒD SIPÒ TIMOUN

**PATI A** F.C.A. §§ 413, 416, 433, 438, 439, 440, 442-447, 471; Art.5-B, Lwa Tribinal Fanmi ki kontwole odyans tribinal la 4-7 11/2002 Nimewo fòm ak dat piblikasyon Daprè kondisyon Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Eta New York, ki te fèt nan Konte Richmond ak pou Konte a, nan 100 Richmond Terrace, Staten Island, NY 10301, nan dat 4 oktòb 2004 Adrès tribinal la ak dat odyans lan

**PATI B** PREZAN: Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, Jij Sipò Nan Zafè yon Pwosè pou Sipò Nimewo Dosye: XXXXX Nimewo Rejis: -XXXXX-XX Dosye sipò timoun ak enfòmasyon idantifikasyon tribinal la Nimewo CSMS: XXXXXXXX Kalite lòd la LÒD SIPÒ Pati ki konsène yo Paran K ap Viv Avèk Timoun Nan, SSN: XXX-XX-XXXX, Demandè a, – kont – Paran Ki Pa Responsab Legal La, SSN: XXX-XX-XXXX, Defandè a.

**PATI C** AVI: SI W PA RESPEKTE LÒD SA A VOLONTÈMAN, SA KAPAB LAKOZ OU PRAN PRIZON KÒM KRIMINÈL KI PA BAY SIPÒ OSWA POU MEPRI. SI W PA RESPEKTE LÒD SA A, SA KA LAKOZ SISPANSYON LISANS CHOFÈ OU, LISANS PWOFESYONÈL, KOMÈSYAL, LISANS BIZNIS AK LISANS OKIPASYONÈL ETA A BAY, AK LISANS OSWA PÈMI POU LWAZI AK ESPÒ; AK METE DWA SEZI SOU PWOPRIYETE IMOBILYÈ OSWA PWOPRIYETE PÈSONÈL OU. Depoze yon kontestasyon

OU KAPAB SOUMÈT KONTESTASYON ALEKRI PRESI POU LÒD SA A NAN 30 JOU OPLITA APRE DAT OU TE RESEVWA LÒD NAN TRIBINAL OSWA APRE YO TE REMÈT OU LI PÈSONÈLMAN, OSWA SI OU TE RESEVWA LÒD PA LAPÒS, NAN 35 JOU OPLITA APRE DAT YO TE VOYE LÒD LA.

Petisyonè non l mansyone anwo a te depoze yon petisyon nan Tribinal sa a nan dat 22 jen 2004, ki deklare **Paran ki pa Responsab Legal** la dwe peye sipò timoun pou: **Non Dat Nesans Non Timoun nan XX/XX/XXXX**

**PATI D** Etandone **Paran ki pa Responsab Legal** la te parèt devan Tribinal sa a pou reponn petisyon an, etandone Tribinal la te fè li konnen dwa pou li gen avoka, ak pou montre poukisa yo pa ta dwe akòde lòd sipò ak lòt reparasyon yo mande nan petisyon an; epi etandone **Paran ki pa Responsab Legal** la admèt akizasyon ki nan petisyon an; epi Tribinal sa a te tande kòm sadwa zafè ki devan li a;

KOUNYE A, apre egzamen ak ankèt sou enfòmasyon ak sikonstans zafè a epi apre li fin tande prev ak temwayaj ki bay ki konsène zafè sa a, Tribinal la konstate: **Paran ki pa gen lagad** la se pati ki pa gen lagad la, ki gen yon kotizasyon pwopòsyonèl nan obligasyon sipò timoun ki se \$XX.XX chak semèn pou timoun sa a:

**Non Timoun nan Dat Nesans Nimewo Sekirite Sosyal**

Epi Tribinal la konstate tou: Kotizasyon pwopòsyonèl pati ki pa gen lagad la nan obligasyon sipò timoun lan pa ni enjis ni depaman;

**PATI E** Paran ki pa Responsab Legal la p ap travay nan moman kounye a; **Kondisyon travay paran ki pa responsab legal la** KOUNYE A, apre egzamen ak ankèt sou enfòmasyon ak sikonstans zafè a epi apre li fin tande prev ak temwayaj ki bay ki konsène zafè sa a, li **Dat lòd sipò timoun nan antre anvigè (Dat ou an ap diferan)** ODONE AK DEKLARE, apati 28 janvyè 2005, yo kapab fè **Paran ki pa Responsab Legal** la peye sipò moun pou moun sa a (yo) epi li posede ase kapasite pou jwenn mwayen pou bay peman nan montan \$XX.XX chak semèn bay **Paran K ap Viv avèk Timoun** nan pa mwayen chèk sètifye oswa chèk postal (yo) ka peye nan Support Collection Unit (Inite Koleksyon Sipò), epi peman sa yo dwe kòmansè nan dat 28 janvyè 2005, pou sipò timoun **Paran ki pa Responsab Legal** la la, epi alokasyon yo ap fèt nan fason sa a: **Moun ki pral resevwa peman yo pou sipò timoun nan**

Nimewo Rejis: F-XXXXX-XX

4-7 Non Nimewo Sekirite Sosyal Dat Nesans Montan Timoun yo Timoun XX/XX/XXXX Total Sipò Timoun: \$XX.XX chak semèn

**PATI E** **suit** ODONE pou moun k ap peye a, moun k ap viv ak timoun nan ak nenpòt lòt pati endividyèl avèti Inite Koleksyon Sipò touswit si gen nenpòt chanjman nan enfòmasyon sa yo: adrès rezidansyèl ak postal, nimewo sekirite sosyal, nimewo telefòn, nimewo lisans chofè; ak non, adrès ak nimewo telefòn travay pati yo ak nenpòt chanjman nan avantaj asirans sante, ansanm ak nenpòt anilasyon avantaj, chanjman nan konpayi avantaj asirans sante oswa nan pri asirans sante, oswa limit ak disponiblite avantaj ki deja egziste oswa nouvo avantaj; epitou li

ODONE Lòd sa a dwe aplike dapre Seksyon 5241 oswa 5242 nan Lwa ak Règleman Pratik Sivil, oswa nan nenpòt lòt fason lalwa prewva; epitou li

ODONE pou **Paran ki pa Responsab Legal** la peye depans anplis nan fason sa: **Depans anplis montan debaz sipò timoun lan:** • Medikal • Gadri • Edikasyon

Depans/Benefisyè	Peman	Peyab
Sante ki gen Rapò ak Ka a ki pa Ranbouse/	XX %	Atravè SCU
<b>Paran K ap Viv Avèk Timoun nan</b>	XX %	Dirèkteman

**PATI F** EPITOU LI ODONE yo dwe voye pa lapòs tout peman ki peyab atravè Inite Koleksyon Sipò nan: Support Collection Unit, PO Box 15363, Albany, NY 12212- 5363; **Ki kote pou w voye peman yo jiskaske yo soti nan travay ou**

EPITOU LI ODONE pou Inite Koleksyon Sipò bay yon kopi lòd sa a san pèdi tan nan Rejis Dosye Eta New York pou Lòd Sipò Timoun yo mete anplas dapre Seksyon 111-b(4-a) nan Lwa sou Sèvis Sosyal; epitou li ODONE ke se yon montan \$XX pa semèn ki gen pou lòd sipò a, kòmansè 10/8/04 jiskaske li ogmante nan dat 1/28/05. **Rezime konklizyon tribinal la**

**PATI G** NÒT: (1) YO DWE AJISTE LÒD SIPÒ TIMOUN SA A POU APLIKE SOU LI YON AJISTEMAN KOUDLAVI DAPRE DIREKTIV INITE KOLEKSYON SIPÒ A PA PI BONÈ PASE VENNKAT MWA APRE YO FIN BAY LÒD SA A, APRE DÈNYE MODIFIKASYON OSWA DÈNYE AJISTEMAN LI, SOU DEMANN NENPÒT NAN PATI YO KI NAN LÒD LA OSWA DAPRE PARAGRAF (2) KI ANBA A. LÈ YO FIN APLIKE YON AJISTEMAN DAPRE KOUDLAVI DAPRE DIREKTIVE INITE KOLEKSYON SIPÒ A, Y AP VOYE YON LÒD AJISTE BAY PATI YO EPI, SI PATI YO KONTESTE AJISTEMAN DAPRE KOUDLAVI A, YO DWE GEN TRANSENK (35) JOU APATI DAT YO VOYE AJISTEMAN AN POU SOUMÈT YON KONTESTASYON ALEKRI NAN TRIBINAL KI ENDIKE SOU LÒD AJISTE A. LÈ LI FIN RESEVWA KONTESTASYON ALEKRI A, TRIBINAL LA DWE PREVWA YON ODYANS KOTE PATI YO KA PREZANTE POU BAY PRÈV YON TRIBINAL LA KONSIDERE NAN AJISTEMAN LÒD SIPÒ TIMOUN LAN ANNAKÒ AVÈK LWA SOU NÒM POU SIPÒ TIMOUN. **Ajisteman pou Depans Chak Jou yo (COLA)**

(2) YON BENEFISYÈ ÈD POU FANMI AP GEN YON LÒD SIPÒ TIMOUN KI REVIZE AK AJISTE DAPRE DIREKTIV INITE KOLEKSYON SIPÒ PA PI BONÈ PASE VENNKAT MWA APRE YO FIN BAY LÒD LA, APRE DÈNYE MODIFIKASYON OSWA DÈNYE AJISTEMAN LÒD LA SAN OKENN NAN PATI YO PA FÈ PLUS APLIKASYON. TOUT MOUN KI KONSÈNE YO AP RESEVWA YO AVI SOU REZILTA AJISTEMAN AN.

(3) LÈ YON PATI NEGLIJE FOUNI, AK NEGLIJE BAY DÈNYE ENFÒMASYON SOU NENPÒT CHANJMAN NAN INITE KOLEKSYON SIPÒ AVÈK YON BON ADRÈS KOTE YO KA VOYE YON LÒD AJISTE, DAPRE EGZJANS SEKSYON 443 NAN LWA TRIBINAL FANMI, MONTAN OBLIGASYON SIPÒ KI NAN DOKIMAN AN VIN EGZIJIB EPI PATI A DWE LI NAN DAT PREMYE PEMAN AN TE DWE FÈT DAPRE KONDISYON KI NAN LÒD SIPÒ REVIZE AK AJISTE A KI RIVE NAN DAT ANTRE ANVIGÈ OSWA APRE DAT LÒD LA ANTRE ANVIGÈ KIT WI OU NON PATI A TE RESEVWA YON KOPI LÒD AJISTE A.

**Dat:** 4 oktòb 2004 **DAPRE JIJMAN Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi, Jij Sipò** **Non ak so Jij Sipò a**

**Tcheke ti kare ki aplike a:**  Yo te voye lòd la pa lapòs nan dat [prezise dat la (yo) ak ba kimoun yo te voye li]: \_\_\_\_\_



# GLOSÈ TÈM SIPÒ TIMOUN

## A

**AFIDAVIT DEKLARASYON FINANSYE:** Dokiman yo bay toude pati ki nan yon dosye sipò timoun, pou mande enfòmasyon an detay sou finans, salè, ak depans; tribinal la itilize li pou pran desizyon sou sipò timoun, sipò medikal, gadri ak lòt pati nan lòd sipò timoun nan.

**Ajisteman pou Depans Chak Jou yo (Cost of Living Adjustment, COLA):** Ogmantasyon yon lòd sipò timoun, san yon odyans tribinal. COLA baze sou chanjman nan Endèks Pri Konsomatè pou Zòn Iben yo (CPI-U), ki suiv depans pou viv tankou manje, rad, lojman, elatriye.

**AJOUNMAN:** Odyans ki ranvwaye jouk pou yon dat presi pi devan.

**AKIMILASYON:** Sòm peman sipò timoun ki anreta.

**ALOKASYON LÒD SIPÒ TIMOUN:** Lòd ki bay lis chak pati nan lòd la (timoun yo, mari/madanm) ak yon montan presi ki bay pou chak depandan.

**AMEND (AMANDE):** Chanje yon dokiman legal.

**ANILE YON LÒD:** Mete fen a obligasyon ki gen nan moman an; dat fen yon lòd sipò timoun efektivman. Ou dwe peye aryere yo kanmenm.

**ANILE YON LÒD:** Mete sou kote yon lòd anvan, tankou si li pa te janm egziste.

**ARYERE:** Montan sipò timoun ki anreta epi ki pa peye.

**ASISTANS LAJAN KACH:** Avantaj leta ki bay sipò finansye pou moun ak fanmi ki gen revni fèb, HRA (Administrasyon Resous Imèn) administre nan Vil New York. Yo bay kliyan yo asistans lajan kach la sou fòm elektwonik nan yon Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer, EBT).

**AVI SIPÒ MEDIKAL NASYONAL (NATIONAL MEDICAL SUPPORT NOTICE, NMSN):** Avi yo voye bay travay paran ki pa gen lagad la ki egzije pou bay pwoteksyon asirans sante, si gen ki disponib.

## B

**BENEFISYÈ:** Moun oswa òganizasyon yo peye lajan sipò timoun nan non yo (pa egzanp granmè a).

**BENEFISYÈ:** Moun oswa òganizasyon ki resevwa lajan sipò ak/oswa avantaj asistans piblik, ansanm ak asistans lajan kach, SNAP (koupon pou manje), Medicaid, elatriye.

**BIWO SÈVIS SIPÒ TIMOUN:** Divizyon nan Administrasyon Resous Imèn ki responsab pou jwenn ak egzekite lòd sipò timoun pou fanmi k ap viv nan Vil New York.

## C

**CHAJ POU BAY PRÈV:** Devwa yon pati genyen pou bay plis prèv sou yon pwèn ki nan diskisyon.

**CHANJMAN BENEFISYÈ:** Bay otorizasyon voye peman prive sipò timoun nan OCSS pou tretman, konsèvasyon dosye, distribisyon, ak egzekisyon.

**CHANJMAN NAN SIKONSTANS:** Chanjman sanzatann nan sityasyon finansye paran ki pa gen lagad la akòz blesi, maladi oswa pèt travay toudenkou ki afekte kapasite pou li peye sipò timoun tribinal òdone; motif pou depoze yon modifikasyon nan tribinal pou bese sipò a. Twa (3) ane dwe pase depi dènye etablisman oswa modifikasyon lòd la epi li dwe gen omwen yon chanjman 15% nan revni an.

## D

**DEBOUSMAN:** Vèsman lajan sipò timoun yo kolekte epi yo bay paran k ap viv ak timoun nan oswa Depatman Sèvis Sosyal si kliyan an ap resevwa asistans lajan kach.

**DEFANDÈ:** Moun ki reponn petisyon an; se kèlkeswa pati yo depoze petisyon pou reparasyon kont li a.

**DEKLARASYON SOU SÈMAN, AFIDAVIT:** Deklarasyon alekri sou enfòmasyon, ki fèt volontèman sou sèman.

**DEKRÈ:** Desizyon jidisyè yon tribinal.

**DEPANDAN:** Yon timoun ki soukont yon lòt moun pou okipe li. Pifò timoun ki kalifye pou sipò timoun se depandan yo ye.

**DOSYE ENTÈ-ETA:** Dosye kote timoun depandan an ak paran ki pa gen lagad la ap viv nan eta diferan epi kote toude eta yo ap patisipe nan aktivite dosye sipò timoun lan, tankou konfimasyon oswa egzekisyon.

**DWA SEZI:** Reklamasyon sou pwopriyete pou anpeche vann oswa transfere li jiskaske ou fin peye yon dèt.

## E

**EGZEKISYON:** Aplikasyon solisyon pou jwenn peman yon obligasyon sipò timoun oswa sipò medikal ki genyen nan yon lòd sipò timoun. Egzanp solisyon yo gen ladan sezi byen, sispansyon lisans chofè, refize bay paspò Ameriken, elatriye.

**EGZEKISYON SOU PWOPRIYETE (PROPERTY EXECUTION, PEX):** Pwosesis administratif Biwo Sèvis Sipò Timoun (OCSS) itilize pou sezi byen finansye, anjeneral kont labank, yon paran ki pa responsab legal ki anreta sou peman sipò timoun.

**EGZEKISYON SOU REVNI:** Pwosesis administratif ki pèmèt yo dedui yon peman sipò timoun dirèkteman nan salè oswa nan lòt revni paran ki pa responsab legal la epi voye l nan Inite Koleksyon Sipò Timoun. Yo ka rele li tou dediksyon salè, sezi, oswa dediksyon pewòl.

**EMANSIPE, VIN MAJÈ:** Yon timoun p ap viv avèk paran li yo epi li gen yon sous revni, oswa li nan militè, oswa li marye.

**Endèks Pri Konsomatè pou Zòn Iben yo (Consumer Price Index for All Urban Consumers, CPI-U):** Li suiv pri atik tankou manje, rad ak lojman chak ane. Ajisteman pou Depans Chak Jou yo (COLA) baze sou chanjman ki fèt chak ane nan CPI-U a.

**ENTÈSEPSYON:** Metòd pou garanti sipò timoun gras a yon pòsyon yo pran nan peman ki pa salè yon paran ki pa responsab legal la resevwa. Peman ki pa salè ki ka sibi entèsepsyon gen ladan ranbousman taks ak sa moun nan genyen nan lotri.

**ENTÈSEPSYON LOTRI:** Pwosesis ki pèmèt yo sa paran ki pa gen lagad la genyen nan lotri bay Biwo Sèvis Sipò Timoun pou satisfè obligasyon sipò ki depase delè.

**ESTIPIILASYON:** Akò alekri pati yo sou kote opoze nan yon zafè.

## G

**GAD:** Desizyon legal ki konfime ak kimoun timoun lan dwe viv: z manman, papa, oswa lòt granmoun.

**INITE REKOUVREMAN SIPÒ TIMOUN (SUPPORT COLLECTION UNIT, SCU):** Divizyon nan Biwo Sèvis Sipò Timoun ki responsab fè koleksyon, siveyans ak debousman peman sipò timoun yo.

## J

**JIJ SIPÒ:** Avoka, Tribinal Fanmi lokal la nonmen, ki kapab tandè temwayaj ak pran desizyon pou dosye sipò timoun.

**JIJMAN:** Desizyon ofisyèl oswa konklizyon yon Jij oswa yon Jij Sipò.

**JIJMAN LAJAN:** Montan aryere presi Jij Sipò a fikse, nan yon jijman ofisyèl, ki akimile 9% enterè chak ane. Ou ka depoze yon jijman lajan nan Biwo Grefye Konte a.

**JIRIDIKSYON:** Otorite legal yon tribinal oswa ajans administratif gen sou sèten moun ak sou sèten kalite dosye, nan yon zòn jewografik byen presi anjeneral.

**JIRIDIKSYON KONKIRAN:** Yon lòd ki pèmèt plis pase yon tribinal pran desizyon sou yon lòd sipò timoun ak modifye li. Sa ka rive ant Kou Siprèm ak Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi nan Eta New York.

## K

**KONFIMASYON:** Pwosesis pou pwouve patènite ak/oswa pou jwenn yon lòd tribinal pou mete yon obligasyon sipò timoun anplas.

**KONKLIZYON REYALITE:** Nòt ak kalkil Jij Sipò a itilize nan mizanplas yon lòd sipò timoun.

**KONPANSASYON AK RANBOUSMAN TAKS:** Pwosesis yo itilize pou pran ranbousman taks federal oswa taks Eta yon paran ki pa responsab legal pou peye yon dèt sipò timoun.

**KONPETANS BRA LONG:** Dispozisyon legal ki pèmèt yon Eta reklame jiridiksyon pèsònèl sou yon moun ki abite nan yon lòt Eta.

**KONTESTASYON:** Reklamasyon alekri, ki an dezakò ak pwèn presi ki nan yon lòd. Ou dwe depoze li nan 30 jou oplita apre ou resevwa lòd la.

**KONVOKASYON:** Avi ki endike yo kòmanse yon aksyon kont benefisyè a. Yon konvokasyon pou yon odyans sipò timoun ap di paran an kikote ak kilè pou li prezante, ak ki enfòmasyon li dwe pote.

**KOSYÒNMAN LAJAN KACH:** Nan rezilta yon odyans tribinal, yon paran ki pa gen lagad ka resevwa lòd pou peye yon depo lajan kach nan Inite Koleksyon Sipò OCSS pou valè jiska twa ane peman sipò timoun. Yo kapab pran peman yo nan depo sa a si paran ki pa gen lagad la pa peye sipò yo regilyèman.

**KOTIZASYON PWOPÒSYONÈL (PRO RATA SHARE):** Pòsyon montan total chak paran dwe peye pou atik ki nan lòd sipò timoun lan tankou gadri oswa depans medikal ki pa ranbouse.

**KOUNYE A POU AVAN (NUNC PRO TUNC):** Ekspresyon laten ki siyifi 'kounye a pou avan' – li vle di chanje dat nan yon lòd, yon jijman, oswa depo yon dokiman, pou fè li tounen nan yon dat anvan.

## L

**LÒD:** Lòd yon Jij Sipò oswa yon jij ekri ak siyen.

**LÒD FILYASYON:** Lòd tribinal ki konfime yon papa legal.

**LÒD PA DEFO:** Lòd sipò timoun yo mete anplas lè paran ki pa gen lagad timoun lan pa bay ase enfòmasyon oswa li pa parèt nan tribinal, epi gen prèv yo te remèt li konvokasyon an ofisyèlman.

**LÒD PEMAN DIRÈK:** Paran ki pa responsab legal la ka peye paran k ap viv ak timoun nan lòd sipò timoun lan dirèkteman.

**LÒD POU KENBE REVNI (INCOME WITHHOLDING ORDER, IWO):** Pwosesis administratif ki pèmèt yo dedui yon peman sipò timoun dirèkteman nan salè oswa nan lòt revni paran ki pa responsab legal la epi voye l nan Inite Koleksyon Sipò Timoun. Yo ka rele li tou dediksyon salè, sezi, oswa dediksyon pewòl.

**LÒD PWOTEKSYON:** Lòd tribinal ki entèdi kontak/kominikasyon yon pati ak yon lòt pati.

**LÒD SIPÒ:** Lòd tribinal bay pou mete anplas obligasyon sipò timoun. Lòd sipò yo gendwa tanporè oswa final epi yo ka sibi modifikasyon ak egzekisyon. Lòd sipò yo gendwa gen ladan yo sipò lajan ak sipò medikal, gadri, frè edikasyon, ak peman aryere, enterè, penalite, ak lòt fòm reparasyon.

**LÒD SOU KONSANTMAN:** Lòd toude pati nan yon aksyon antann sou li. Nan yon odyans pou sipò timoun, paran yo ka antann yo sou yon montan lòd ki diferan ak machaswiv Lwa sou Nòm pou Sipò Timoun yo.

**LÒD TRIBINAL:** Dokiman obligatwa sou plan legal yon tribinal lalwa bay. Yon lòd tribinal anrapò ak sipò timoun ap gen ladan konbyen fwa, konbyen, pou konbyen tan ak ki kalite sipò paran ki pa gen lagad timoun lan dwe peye ak si yon travay dwe kenbe sipò nan salè li.

**LOKALIZE:** Pwosesis yo itilize pou jwenn yon paran ki pa gen lagad timoun, dekwa pou yo konfime patènite a epi mete anplas ak/oswa fè respekte yon obligasyon sipò timoun.

**Lwa Inifye sou Sipò Fanmi Ant-Eta (Uniform Interstate Family Support Act, UIFSA):** Lwa federal pibliye nan ane 1996 pou fasilite pwosesis pou resevwa peman sipò timoun atravè fwontyè Eta yo. Li mande pou Eta yo kolabore youn ak lòt pou jwenn ak fè respekte lòd sipò timoun; li pèmèt eta yo adopte retrè dirèk nan revni avèk travay yo nan lòt Eta yo; li anpeche yo mete anplas plizyè lòd sipò timoun pou yon menm ka nan eta ki diferan.

**LWA SIPÒ FANMI:** Lwa ki te pase nan ane 1988 ki egzije pran lòd sipò timoun dirèkteman nan salè epi ki oblije Eta yo itilize machaswiv pou pran desizyon sou montan sipò pou chak fanmi.

**LWA SOU NÒM POU SIPÒ TIMOUN (CHILD SUPPORT STANDARDS ACT, CSSA):** Lwa ki adopte nan ane 1989 pou fè lòd sipò timoun yo jis epi menm jan nan tout Eta New York grasa fòmil pou kalkile lòd sipò timoun debaz yo vin fè ki menm jan tout kote.

**LWA SOU PWOTEKSYON KREDI KONSOMATÈ (CONSUMER CREDIT PROTECTION ACT, CCPA):** Lwa federal ki limite kantite lajan yo ka kenbe nan sa ou touche; li konsidere: revni nèt apre yo fin pran taks obligatwa yo, montan aryere ou dwe yo, ak si w gen yon lòt fanmi anplis w ap bay sipò lajan.

## M

**MONTAN ANPLIS (Yo Rele l Tou Ajoute Montan):** Montan ou dwe peye dapre egzekisyon sou revni anplis obligasyon sipò timoun regilye pou regle peman nan yon kont ki pa t fèt.

**MONTAN OBLIGASYON:** Montan sipò timoun paran ki pa gen lagad la oblije peye.

## N

**Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (Personal Identification Number, PIN):** Nimewo idantifikasyon inik yo mete pou kliyan yo pou yo jwenn aksè nan enfòmasyon kont sipò timoun yo nan sit entènèt sipò timoun Eta New York la ([childsupport.ny.gov](http://childsupport.ny.gov)) ak nan Liy Èd (888-208-4485).

**NIMEWO REJIS:** Nimewo tribinal la bay yon dosye pou idantifye li.

**NIVO POVRETE:** Nivo revni yo konsidere ki twò ba pou achte sa ki nesèsè pou lavi selon gouvènman federal la. Nivo povrete a pou 2021 pou yon sèl moun se \$12,880. Pou chak moun anplis nan fanmi an, yo ajoute \$4,540. Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) pibliye nivo povrete a chak ane sou [aspe.hhs.gov/poverty-guidelines](http://aspe.hhs.gov/poverty-guidelines).

**NOTARYE:** Pou sètifye yon bagay, tankou yon siyati, sou yon dokiman legal kòm otantik oswa lejitim pa mwayen yon so ak siyati yo mete sou li.

## O

**OBLIGASYON SIPÒ TIMOUN DEBAZ:** Montan lòd sipò timoun ki baze sou yon pousantaj fiks nan revni paran yo, anvan yo ajoute sipò medikal ak depans pou gadri, ak/oswa frè pou edikasyon.

**ODYANS:** Pwosedi legal ki fèt devan yon jij. Jij nan yon odyans sipò timoun rele yon Jij Sipò.

## P

**PA FÈ PEMAN VOLONTÈMAN:** Paran ki pa responsab legal la fè espere li pa peye sipò timoun tribinal la òdone li a menmsi li gen mwayen pou peye l.

**PAPA LEGAL:** Gason lalwa rekonèt kòm paran gason yon timoun. Pou yo kapab rekonèt yon moun kòm papa legal, yo dwe konfime patènite a si paran yo pa marye.

**PARAN ABSAN:** Moun ki absan nan kay la, epi ki responsab sou plan legal pou bay sipò finansye pou yon timoun depandan (yo rele l tou paran ki pa responsab legal, paran non-rezidan, ak defendè nan zafè tribinal).

**PARAN K AP VIV AVÈK TIMOUN NAN (CUSTODIAL PARENT, CP):** Paran, fanmi, oswa responsab legal ki abite avèk timoun nan oswa timoun yo epi ki se moun prensipal k ap okipe timoun lan oswa timoun yo.

**PARAN KI PA RESPONSAB LEGAL (NONCUSTODIAL PARENT, NCP):** Paran ki p ap viv avèk yon timoun minè e ki pa moun prensipal k ap okipe timoun lan.

**PATÈNITE OSWA LYEN PARANTAL:** Detèminasyon legal patènite. Yo dwe konfime patènite a anvan yo kapab bay lòd pou sipò timoun oswa pou sipò medikal.

**PATI:** Moun oswa òganizasyon ki patisipe dirèkteman nan yon zafè legal.

**PEMAN ANRETA:** Yon montan ou dwe nan yon dosye sipò timoun men ou pa peye l.

**PEMAN BONIS:** Benefisyè asistans lajan kach ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 pa mwa (\$200 si gen de (2) oswa plizyè timoun k ap resevwa sipò timoun) nan sipò timoun yo kolekte nan menm mwa sipò a dwe peye a. (Gade nan Peman Sipleman tè tou).

**PEMAN SIPLEMANTÈ:** Benefisyè asistans lajan kach ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 pa mwa (\$200 si gen de (2) oswa plizyè timoun k ap resevwa sipò timoun) nan sipò timoun yo kolekte nan menm mwa sipò a dwe peye a; yo rele l tou peman bonis.

**PETISYON:** Demann ofisyèl alekri nan yon tribinal pou kòmanse yon aksyon lajistis.

**PETISYON PATÈNITE (OSWA PETISYON LYEN PARANTAL):**

Aplikasyon ofisyèl alekri nan yon tribinal ki mande aksyon lajistis pou detèmine patènite legal yon gason prezizeman pou yon timoun byen presi.

**PETISYON POU MODIFIKASYON:** Aplikasyon ofisyèl alekri nan yon tribinal ki mande yon chanjman nan yon lòd sipò timoun ki egziste deja.

**PETISYONÈ:** Moun oswa òganizasyon ki depoze yon demann ofisyèl pou kòmanse yon aksyon lajistis.

**PEYÈ:** Moun ki fè yon peman, anjeneral yon paran ki pa responsab legal oswa yon lòt moun k ap aji onon li. Yo rele li yon debite tou.

**POU TÈT OU (PRO SE):** Ekspresyon laten ki siyifi 'pou tèt ou'; yon moun ki reprezante pwòp tèt li nan tribinal san yon avoka.

**Pwogram Sipò pa mwayen Travay (Support Through Employment Program, STEP):** Li ofri fòmasyon ak plasman pou paran ki pa responsab legal yo epi ki pa kapab peye sipò timoun paske yo p ap travay oswa yo nan yon travay ki peye tikras kòb. Yo ka fè referans pou STEP nan odyans sipò timoun nan.

**PWOSESIS ADMINISTRATIF:** Metòd OCSS itilize pou fè respekte lòd sipò olye pou se tribinal ak jij ki fè li.

## R

**RANVWA AVÈK PREJIDIS:** Yo jwenn enfòmasyon ki nan yon petisyon pa gen okenn baz epi tribinal la rejte dosye a nèt. Pa egzanp: ADN pwouve se pa defandè a ki papa byolojik la.

**RAPÒTE NOUVO ANBOCHAJ:** Pwogram ki egzije pou tout travay rapòte anplwaye ki fenk anboche yo nan Anyè Eta New York pou Nouvo Anbochaj pou egzekisyon obligasyon sipò timoun ak sipò medikal pa mwayen dediksyon nan salè.

**REJIS MOUN KI KONSIDERE KÒM PAPA ANJENERAL (PUTATIVE FATHER REGISTRY, PFR):** Dosye papa yo konsève nan Eta New York. Egzanp dokiman yo konsève nan PFR se Rekonesans Paran yo (Acknowledgments of Parentage, AOP), òdonans tribinal ki detèmine

paran yo, ak deklarasyon ki pa obligatwa sou plan legal konsènan paran yo. Yo ka konsilte PFR la pou kesyon eritaj, adopsyon, ak nenpòt lòt kesyon legal ki mande pou enfòmè papa yon timoun.

**REJTE SAN PREJIDIS:** Yo rejte petisyon an kounye a, men yo ka tounen sou li nan yon dat annapre nan tribinal. Pa egzanp, yo pa remèt konvokasyon an ofisyèlman.

**REKONESANS PATÈNITE (ACKNOWLEDGMENT OF PARENTAGE, AOP):** Fòm ki konfime papa (patènite legal) yon timoun pa mwayen yon pwosesis volontè, san li pa ale nan tribinal. Toulede paran yo dwe ranpli l epi siyen l.

**RESIPWOSITE:** Relasyon kote yon Eta oswa yon peyi akòde sèten privilèj pou lòt eta oswa pou lòt peyi akondisyon yo resevwa menm privilèj yo.

**RETRÈ NAN SALÈ:** Dediksyon otomatik nan revni ki kòmanse dèke yo voye yon avi Egzekisyon sou Revni (Income Execution) bay travay la.

**REVIZYON BIWO:** Yon revizyon paran k ap viv ak timoun nan mande epi paran sa a ap resevwa asistans lajan kach tou, li fè demann lan pou asire kantite peman transfè li resevwa yo egzat.

**REVNI:** Nenpòt fòm peman regilye yo bay yon moun, kèlkeswa sous la, ankontan salè, komisyon, bonis, asirans chomaj, konpansasyon travayè, andikap, pansyon, oswa enterè. Yo pa konsidere avantaj asistans lajan kach ak SSI kòm revni.

**REVNI ALADISPOZISYON W:** Montan revni ki rete apre yo fin pran taks ak dediksyon Medicare ak FICA ak peman plan pansyon.

**REZÈV POU MOUN PRAN SWEN TÈT YO:** Faktè nan kalkil sipò timoun nan Eta New York lè youn nan paran yo nan nivo povwete a oswa toupre; rezèv pou moun pran swen tèt li se 135% nan nivo povwete federal la. Rezèv pou moun pran swen tèt yo an 2021 se \$17,388.

**REZON VALAB:** Rezon legal ki fè yon moun k ap aplike oswa k ap resevwa asistans lajan kach jwenn dispans pou kowopere ak sipò timoun.

## S

**SANKSYON:** Li konsène kliyan asistans lajan kach ki gen obligasyon pou konfòme yo ak sipò timoun yo. Si yon kliyan pa konfòme li, yo gendwa diminye oswa sispann asistans lajan kach li a, ansanm ak asistans pou lwaye li a. Kliyan yo p ap kalifye pou resevwa oswa kontinye resevwa asistans medikal pou tèt ou epitou ou p ap kalifye pou kòmanse jwenn èd pou lwaye nan Pwogram Asistans pou Lwaye a.

**SANT TRAVAY:** Kote pou moun k ap chèche asistans lajan kach ale. Li bay aksè souplas pou chèche travay, fòmasyon, epi plasman ak avantaj tankou Medicaid ak SNAP oswa kupon pou manje. OCSS resevwa referans ki soti nan Sant Travay yo pou kliyan ki oblije kolabore avèk pwogram sipò timoun nan.

**SÈLMAN ASISTANS MEDIKAL (MEDICAL ASSISTANCE ONLY, MAO):** Fòm asistans piblik ki bay benefisyè yo avantaj sou fòm medikal sèlman, olye ed lajan.

**SÈVIS FEDERAL POU LOKALIZE PARAN (FEDERAL PARENT LOCATOR SERVICE, FPLS):** Sèvis rezo nasyonal lokalizasyon ki ede Eta yo jwenn kikote yon paran ki pa gen lagad ye gras a enfòmasyon yo fè koresponn nan bazdone; FPLS kapab bay enfòmasyon ki itil pou mizanplas lagad, konfimasyon patènite, ak sipò timoun, ak pou kesyon adopsyon ak plasman nan fanmi dakèy.

**SÈVIS POU LOKALIZE PARAN:** Rezo enfòmasyon nan bazdone Eta a yo itilize pou jwenn defandè yo nan dosye sipò timoun.

**SÈVIS SIPÒ TRIBINAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI (FAMILY COURT SUPPORT SERVICES, FCSS):** Divizyon nan OCSS ki okipe pran anchaj dosye lokal sipò timoun ki pa lajan kach.

**SEZI:** Pwosedi legal ki pèmèt kenbe yon pati nan salè ak/oswa byen yon moun pou peye yon dèt tankou sipò timoun.

**SIPÒ ANPLIS:** Lè montan sipò timoun yo kolekte pi plis pase montan avantaj asistans lajan kach yon kliyan resevwa.

**SIPÒ MEDIKAL:** Dispozisyon legal pou mete pwoteksyon medikal nan yon lòd sipò timoun.

**SIPÒ RETWO-AKTIF:** Sipò Timoun yo bay lòd pou peye ki gen yon dat ki pase, anjeneral se dat yo te depoze pètisyon an. Sipò retwo-aktif kreye yon dèt imedyatman.

**SOULAJMAN:** Solisyon legal.

## T

**TÈS ADN:** Analiz faktè moun eritye nan men paran l pou detèmine si yon gason papa timoun nan prezizeman; yo pran echantiyon ADN yo sou bò anndan bouch papa a, manman an ak timoun nan avèk yon aplikatè ki fèt pou sa espesyalman.

**TRANSFÈ DWA POU SIPÒ:** Moun nan dakò pou remèt Eta a nenpòt dwa peman sipò timoun ki akimile pandan l ap resevwa asistans lajan kach ann echanj asistans lajan kach ak lòt avantaj.

**Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer, EBT):** Metòd Biwo Eta New York pou Èd Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) itilize pou bay benefisyè yo avantaj lajan kach ak SNAP (kupon pou manje). Ou ka jwenn aksè nan avantaj yo lè ou itilize yon kat Idantite epi yon PIN.



@NYCHRA



NYCHRA



NYCHRA

BK-5 (HC)  
(E) Rev. 10/2024

© Dwadotè 2024. Vil New York, Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal. Pou w jwenn otorizasyon pou repwoduï tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn Vil New York la.